

Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgiveness and life wey no dey end. Amen.

If you don pray like dis wit all your mind, we rejoice wit you, becos you don become Baba-God pikin now (John 1:12-13).

Wetin Pesin Go Do Next?

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible and begin dey read am everi day. Everitin wey you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible, for di area wia you dey live, wia

Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgiveness and life wey no dey end. Amen.

If you don pray like dis wit all your mind, we rejoice wit you, becos you don become Baba-God pikin now (John 1:12-13).

Wetin Pesin Go Do Next?

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible and begin dey read am everi day. Everitin wey you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible, for di area wia you dey live, wia

dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik, and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our website (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Make you check oda free materials for there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!

If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.



DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL

~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World

www.divineliterature.org

www.doveletters.org

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. **Dis tract no be for sale.** Make you please write tell us for our websites if pesin dey try sell am to you.

©Divine Literature International 2023

dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik, and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our website (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Make you check oda free materials for there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!

If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.



DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL

~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World

www.divineliterature.org

www.doveletters.org

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. **Dis tract no be for sale.** Make you please write tell us for our websites if pesin dey try sell am to you.

©Divine Literature International 2023

Di Medicine Wey Dey Heal

Di Medicine Wey Dey Heal

You don hear sey Jesus Christ take serious beating for hin body so dat di disease way dey flog am wit plenti koboko way get glass for bodi wit sharp stone, so tey, dem tear hin flesh. Jesus Christ choose to take di beating, so dat everi human being go dey cured of di disease. Upon di truth sey, Jesus make dis big sacrifice for us, you no go dey cured of di disease if you no get relationship wit am.

You fit dey wonder sey: *Wetin be di disease way dey for soul?* Na **Sin** be di disease. Everi human being carry dis disease from belle come world, becocos of di sin way Adam and Eve get (Romans 5:12). Like di oda diseases way dey, we go sofa if Sin no dey cured. We go live life wit plenti sofa, con face di kain judgement way go come wit serious vexation, last last. Notin dey dis world way fit cure Sin. Na only Jesus Christ

You don hear sey Jesus Christ take serious beating for hin body so dat di disease way dey flog am wit plenti koboko way get glass for bodi wit sharp stone, so tey, dem tear hin flesh. Jesus Christ choose to take di beating, so dat everi human being go dey cured of di disease. Upon di truth sey, Jesus make dis big sacrifice for us, you no go dey cured of di disease if you no get relationship wit am.

You fit dey wonder sey: *Wetin be di disease way dey for soul?* Na **Sin** be di disease. Everi human being carry dis disease from belle come world, becocos of di sin way Adam and Eve get (Romans 5:12). Like di oda diseases way dey, we go sofa if Sin no dey cured. We go live life wit plenti sofa, con face di kain judgement way go come wit serious vexation, last last. Notin dey dis world way fit cure Sin. Na only Jesus Christ

blood fit cure am. Christ na di only Doctor way fit heal us from di disease, and hin blood na di medicine way dey heal. No be only sey Christ shed hin blood to cure di disease way we get for soul; all di sofa and pain way suppose be our own becocos of sin, na im e carry comot (Isaiah 53: 4) - sofa and pain like: Sickness way no dey heal, sorrow, hard life way no dey end, bondage way demons dey put pesin, and oda bad tins.

If you no know yet: Christ get power over everi sickness and disease way dey. Wen e dey earth, e do plenti miracle way heal pipo, wit just simple command way e tok, (Matthew 8:16-17, Luke 4: 18-19, Matthew 4:24). E no dey earth now, but hin Name dey heal us direct, and tru doctors way dey treat us. No kontinu to dey sofa for wetin Christ don already pay for, con face judgement to go inside hell-faya affa you don sofa for earth. Make you choose to receive am today!

blood fit cure am. Christ na di only Doctor way fit heal us from di disease, and hin blood na di medicine way dey heal. No be only sey Christ shed hin blood to cure di disease way we get for soul; all di sofa and pain way suppose be our own becocos of sin, na im e carry comot (Isaiah 53: 4) - sofa and pain like: Sickness way no dey heal, sorrow, hard life way no dey end, bondage way demons dey put pesin, and oda bad tins.

If you no know yet: Christ get power over everi sickness and disease way dey. Wen e dey earth, e do plenti miracle way heal pipo, wit just simple command way e tok, (Matthew 8:16-17, Luke 4: 18-19, Matthew 4:24). E no dey earth now, but hin Name dey heal us direct, and tru doctors way dey treat us. No kontinu to dey sofa for wetin Christ don already pay for, con face judgement to go inside hell-faya affa you don sofa for earth. Make you choose to receive am today!

How Pesin fit Receive Jesus Christ Now?

Bible tok sey, if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead, you go dey saved (Romans 10:9).

1. Make you agree sey you be sinner.
2. Make you dey ready to turn from your sin.
3. Make you believe for your heart sey Jesus Christ die for your sin on top Cross and rise from di dead.
4. Con bow your head tok dis prayer:

Dear God, I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life way dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey

How Pesin fit Receive Jesus Christ Now?

Bible tok sey, if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead, you go dey saved (Romans 10:9).

1. Make you agree sey you be sinner.
2. Make you dey ready to turn from your sin.
3. Make you believe for your heart sey Jesus Christ die for your sin on top Cross and rise from di dead.
4. Con bow your head tok dis prayer:

Dear God, I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life way dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey